



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 232 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANTÈ POU MWA AVRIL LA

*Tout fwaye SNAP yo pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm mwa sa a*

*Plis pase 696 milyon dola nan avantaj siplemantè te distribiye depi mwa janvye a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize pou mwa avril la. Tout fwaye k ap patisipe nan SNAP yo—sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòmyo—pral resevwa alokasyon siplemantè mwa sa a, sa ki pral mennen nan yon enjeksyon anviwon 232 milyon dola finansman federal nan ekonomi Eta New York la.

"Pèspektiv touchan ensekirite alimantè se youn ke okenn Nouyòkè pa ta dwe janm gen pou fè fas", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan bay nivo avantaj alimantè maksimòm bay sila yo ki nan bezwen, nou kapab ede fwaye ki gen difikilte yo siviv ak mete manje sou tab pandan n ap kontinye rekiperasyon ekonomik nou apre kriz COVID-19 la".

Fwaye SNAP nan tout konte ki andeyò Vil New York yo dwe wè avantaj sa yo afiche nan vandredi 22 avril. Fwaye SNAP sa yo nan reyon senk konte Vil New York la ta dwe wè avantaj pa yo afiche nan vandredi 29 avril.

Yo bay sipleman èd ijans lan pou tout fwaye yo, sa gen ladan sila yo ki nòmalman resevwa avantaj maksimòm ki otorize chak mwa nan SNAP—yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ki sipèvize li. Fwaye sa yo ki deja toupre oswa nan nivo maksimòm avantaj la—835 dola pou yon fwaye ki gen kat moun—pral resevwa yon peman siplemantè omwen 95 dola.

OTDA te kòmanse bay avantaj siplemantè an ijans an avril 2020 pou fwaye SNAP sa yo ki te resevwa mwens pase kantite maksimòm avantaj chak mwa a. Lè deklarasyon ijans Eta New York la te ekspire an jen 2021 an, ajans la te travay avèk siksè ak gouvènman federal la pou garanti alokasyon maksimòm pou tout fwaye SNAP yo jiska ekspirasyon deklarasyon federal la, ki kounye a yo prevwa k ap pwolonje jiska mwa jen.

Avantaj SNAP yo jwe tou yon wòl enpòtan nan rekiperasyon ekonomik New York, ki enjekte plis pase 696 milyon dola nan ekonomi eta a jiskaprezan ane sa. Chak dola federal ki envesti apati SNAP jenere jiska 1.54 dola nan aktivite ekonomik, dapre yon [etid federal](#) ki mezire enpak SNAP sou ekonomi Etazini an.

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Daniel W. Tietz, te deklare**, "Avantaj siplemantè sa yo te jwe yon wòl enpòtan nan ede Nouyòkè yo evite ensekrite alimantè ke pandemi global la te agrave. Anplis pou ede fwaye ki nan bezwen yo, finansman sa ap bay yon sipò byenvini pou detayan lokal yo epi bay fòs ak ekonomi eta nou an an antye".

**Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare**, "Okenn Nouyòkè pa ta dwe janm oblige gen enkyetid sou ki kote pwochen repa yo a ap soti. Se poutèt sa mwen te batay pou yon ogmantasyon istorik pou SNAP pandan pandemi an atravè Lwa sou Kredi Konsolide 2021 an epi Plan Sovtaj Ameriken an tou. Nou te double efò nou pou founi sipò siplemantè sa nan finansman federal la pou ede fanmi ki gen difikilte yo mete manje sou tab. SNAP se yon mwayen sovtaj pou anpil Nouyòkè epi mwen pral toujou batay pou libre resous federal ki nesesè yo pou asire okenn Nouyòkè pa rete grangou oswa pa rete dèyè".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare**, "Amezi ogmantasyon pri manje yo ap mete presyon sou bidjè Nouyòkè yo, finansman SNAP siplemantè sa pral bay yon mwayen sovtaj pou plizyè milyon moun ak fanmi nan tout eta a. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li mete asistans enpòtan sa disponib pou sila yo ki nan bezwen epi pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm pou eliminate grangou".

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare**, "Pandan wo nivo pandemi COVID-19 la, chomaj la te atenn yon nivo rekò 14% amezi Ameriken yo fè fas ak estrikti, konje ak fèmti masif nan espas travay. Ensekrite alimantè se te yon pwen enpòtan lè pandemi an te kòmanse epi avantaj SNAP yo te enpòtan pou ede fanmi yo kenbe pandan moman difisil sa yo. Dènye anons asistans siplemantè anplis pou ranfòse SNAP, reyafime angajman nou ak efò pou ede fanmi yo tounen remete lavi yo sou ray pandan New York kontinye rekipere".

**Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare**, "Pwogram tankou SNAP se yon mwayen sovtaj pou plizyè milyon fanmi nan New York, ap ede mete manje sou tab pou sila yo ki nan bezwen. Mwen te batay pou asire finansman pou SNAP la te enkli nan lejislasyon soulajman COVID la pou okenn fanmi pa gen pou enkyete sou ki kote pwochen repa yo a ap soti. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li kontinye distribiye avantaj maksimòm pwogram esansyèl sa pou Nouyòkè yo kapab jwenn sipò yo bezwen pou nourì fanmi yo".

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki

otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa sèvi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Nouyòkè yo kontinye konte anpil sou SNAP, avèk plis pase 1.6 milyon fwaye nan tout eta a ki enskri nan pwogram nan fevriye. Plis pase 2.8 milyon Nouyòkè te resevwa avantaj nan fevriye, pifò depi jen 2021.

Jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplementè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, [isit la](#). Nouyòkè yo kapab verifye si yo elijib pou SNAP epi aplike sou entènèt lè yo ale sou [mybenefits.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)